

28 September 2025

# WARTA GEREJA GKJ KLATEN

Jl. Kemangi 7 Tonggalan, Klaten 57412  
Telp (0272) 323346 HP. 0817465146 / 085655866712

## INFO KEGIATAN :

### Kebaktian :

Minggu ke 1,2,3,5 : Bahasa Indonesia  
Minggu ke 4 : Bahasa Jawa  
Induk : 07.00 WIB  
Induk : 16.30 WIB  
Pepanthan Bareng : 07.00 WIB  
Pepanthan Tegalyoso : 07.00 WIB

### Doa Pagi :

Doa Pagi (Youtube)  
Sugeng Prasetya  
Selasa : 05.00 WIB Bahasa Jawa  
Sabtu : 05.00 WIB Bahasa Indonesia

Pdt. Sugeng Prasetya  
(0272) 323345 | HP. 0816616448

### Rekening persembahan :

0035-01-000892-53-3  
BRI atas nama GKJ Klaten

### Rekening Pembangunan :

0035-01-002190-56-3  
BRI atas nama Panitia  
Pembangunan GKJ Klaten

## KONSELING

### Jam layanan :

Jumat dan Rabu pukul 15.30-17.00 atau sesuai jadwal yang disepakati.

### Melayani konseling :

1. Pribadi, keluarga, kelompok
2. Gangguan psikologis, kecemasan, panik, depresidan lain- lain

## KONSELOR :

Pdt. Sugeng Prasetya, S.Pd, S.Th, M.Div

 [gkj.klaten@yahoo.com](mailto:gkj.klaten@yahoo.com)  [GKJ Klaten](#)  
 [gkj.klaten7@gmail.com](https://www.facebook.com/gkj.klaten7@gmail.com)  [www.gkjklaten.org](http://www.gkjklaten.org)

## RENUNGAN

### **“WASPADA MARANG KAREM BANDHA”**

*(Lukas 16:24) Banjur nguwuh-uwuh, aturé: Dhuh, Rama Abraham, mugi karsa paring kawelasan dhateng kula. Lazarus mugi kadhawuhan nyelupaken pucuking drijinipun ing toya, kanggé ngasrepaken ilat kula, amargi kula nandhang sangsara sanget wonten ing urubing latu punika.*

*“Salam rahayu, katentreman lan kawilujengan ing Gusti Yesus Kristus wontena ing sederek sedaya”*

Bandha donya, punika kasunyatan ing gesang dados perangan ingkang dipun budidaya sanget dening sekatahing manungsa supados sami pikantuk sak katah-katahipun. Bandha donya punika kados dene toya sarem utawi banyu segara, sanajan cacahipun kimplah-kimplah; ananging mboten saget dipun ombè lan damel marem tiyang ingkang ngelak. Malah nalika ngelak lajeng ngombe banyu segoro, tiyang wau mboten dados marem, ananging malah sansoyo kraos garing lan ngorong jangganipun. Mboten namung punika, bandha donya ingkang dipun pindhakaken segara ugi ngemu pangertosan mbebayani; maksudnipun kados dene segara ingkang awit jero lan wiyaripun, menawi badhe njajagi lan ngubengi ambanipun, mboten badhe saged kadugi. Lah mekaten ugi bandha donya punika, sansaya kathah anggenipun nglempakaken, malah dados perangan ingkang mbebayani kawilujenganning tiyang ingkang nampeni. Saged ndadosaken kerem (tenggelam), lan ngicali raos marem nanging badhe mbereg tiyang pados bondha tanpa wonten wates marempun. Punika ugi mbebayani.

Carios Injil bab tiyang sugih lan miskin ingkang sami-sami dumawah ing pati punika, saged paring gambaran cetha; bilih tiyang sugih sak sugih-sughipun mboten badhe saged kesugihanipun punika mitulungi kawontenanipun gesang ing jagading pati. Sepisan malih kasugihan ingkang arupi bandha donya punika namung kamuspran sifatipun. Malah dados dadakan tuwuhing kasangsaran.

Dipun gambaraken nasibipun tiyang sugih ing alam pati punika nandang rekoso sanget; kosok wangsulipun nasibing tiyang ingkang mlarat nalika gesang taksih ing bumi, malah nalika sampun wonten jagading pati, tiyang punika pikantuk kawigatosan tresna saking Gusti Allah. Kanthi dipun papanaken ing pangkoning Rama Abraham; lan mamapan ing Kedathon ingkang kebak kamukten, katentreman, lan kaluberan berkah saking Allah Sang Rama. Wondene tiyang sugih, rekaos sanget nasib gesangipun ing alam langgeng. Hawanipun paniksa, benter, lan ngorong. Mila tiyang sugih punika ngantos sambat dhateng Rama Abraham: ...” *Dhuh, Rama Abraham, mugi karsa paring kawelasan dhateng kula...*” Tiyang sugih punika nyuwun pambiyantu lan pitulungan arupi nyuwun toya bening kagem nambani salit lan ngorong ing jangganipun.

Gusti Yesus maringi carios pasemon puniak, supados kita sampun ngantos dados tiyang ingkang gampil karem bandha. Awit bandha punika dipun perlokaken nanging mboten pareng anggenipun pados lan mbudidaya pikantuk bandha punika kanthi hawa tanpa raos syukur; takabur tanpa wonten wates marempun; lan bandha donya dipun regemi keket tanpa wonten niat kagem dipun edum lan agem mitulungi kekirangan lan kasekenganipun sesami. Sedaya patrap karem dhateng bandha kasugihan ing donya punika, sedaya mbilaeni. Mila samiyo mbangun patunggilan pitados dhateng Gusti Yesus Kristus, ingkang kuwaos mitulungi panjenengan saking godanging karem bandha. **AMIEN.**  
**(SP)**

**Segenap Majelis GKJ Klaten mengucapkan Selamat Beribadah  
kepada segenap jemaat GKJ Klaten**

**I. BUJONO SUCI**

Peladosan sesengkeran Bujono Suci :

Minggu, 12 Oktober 2025

Gereja Induk Klaten I tabuh 07.00 wib basa Indonesia ngginakaken sloki  
ugi kaladosaken bujono suci kagem lare

Gereja Induk Klaten II tabuh 16.30 wib basa Indonesia

Minggu, 19 Oktober 2025

Pepanthan Bareng tabuh 07.00 wib basa Indonesia ngginakaken sloki

Pepanthan Tegalyoso tabuh 07.00 wib basa Indonesia ngginakaken sloki

Dhumateng warganing Bujono Suci kasuwun ndherek pendadaran ingkang  
sampun dipun tata dening pradataning pasamuwan.

**II. JADWAL PENDADARAN**

1	Selasa, 30 September 2025, tabuh 18.00 wib	Gereja Induk	warga blok II	Pengantar bahasa Jawa
2	Kamis, 2 Oktober 2025, tabuh 18.00 wib	Gereja Induk	warga blok III	Pengantar bahasa Jawa
3	Selasa, 7 Oktober 2025, tabuh 18.00 wib	Gereja Pepanthan Bareng	warga blok IV	Pengantar bahasa Jawa
4	Kamis, 9 Oktober 2025, tabuh 18.00 wib	Gereja Pepanthan Tegalyoso	warga blok V	Pengantar bahasa Jawa
5	Minggu, 5 Oktober 2025, tabuh 09.00 wib	Gereja Induk	sedaya blok	Pendadaran Anak

### **III. KELAS BINA IMAN**

Kelas Bina Iman badhe kawiwitan malih ing wulan Oktober 2025 , pasamuwan ingkang ngersakaken badhe nderek kelas Bina Iman saged sesambetan kaliyan pengasuh blokipun piyambak – piyambak. Mugi ndadosna kwuningan.

### **IV. NENINGKAHAN**

Badhe katetepaken nikahipun ing satengahing pangibadah mirunggan : Sdr. Brilian Yudhistira Nugraha (warga GKJ Mertoyudan Magelang) kaliyan Sdr. Yashinta Dewi (warga simpatisan GKJ Mertoyudan Magelang) benjing dinten Sabtu, 11 Oktober 2025 pukul 08.00 wib mapan ing Gereja Induk.

### **V. KELAIRAN**

Sampun pinaringan momongan rikala :

1. Sabtu, 30 Agustus 2025 Keluarga Bp/Ibu Stefanus Mega Christi warga blok I anak kaparingan asma Daniswara Adhiatma Pambudi
2. Senin, 8 September 2025 Keluarga Bp/Ibu Hery Nugraha warga blok V anak kaparingan asma Jemimah Sharon Nugraha
3. Rabu, 10 September 2025 Keluarga Bp/Ibu David Christover Tarigan warga blok V anak kaparingan asma Kevin Austin Tarigan

Pradata ndherek bingah.

### **VI. ATTESTASI**

Pradata sampun ngintun serat pindah dhateng GKJ Gandaria Jakarta kagem Sdr. Adhityo Cipto Susilo sewau warga blok III.

### **VII. PAWARTOS DHUKITO**

Sampun katimbangan Gusti ing swarga :

1. Ibu Sri Mintarsih warga blok II rikala tanggal 26 September 2025
2. Ibu Sri Emy Budiwati warga blok V rikala tanggal 26 September 2025

Pradata dalah pasamuwan GKJ Klaten ndherek bela sungkawa.

## VIII. PISUNGSUNG

Pisungsung ingkang dipun bikak tgl 21 September 2025

### 1. Pisungsung Mingguan

<b>Kantong Cemeng</b>	
<b>Pangibadah</b>	<b>Rp</b>
Gereja Induk 07.00	2.441.000
16.30	943.000
Pepanthan Bareng	473.000
Pepanthan Tegalyoso	289.000
<b>Gunggung</b>	<b>4.146.000</b>

### 2. Pisungsung Pembangunan Bareng

Kantong Biru: Rp. 400.000

### 3. Pisungsung Wulanan: Rp. 2.380.000

### 4. Pisungsung Pendidikan: Rp. 250.000

### 5. Pisungsung Mirunggan

1	Warga (ucap syukur ultah)	100.000
	<b>Gunggung</b>	<b>100.000</b>

### 6. Pisungsung Perpuluhan

1	Warga	100.000
	<b>Gunggung</b>	<b>100.000</b>

### 7. Pisungsung kantong abrit dumugi tanggal 21 September 2025

<b>NO</b>	<b>TANGGAL</b>	<b>PENERIMAAN</b>	<b>JUMLAH</b>
1	Gunggung sakderingipun		Rp 292,662,400
2	Pisungsung tanggal 21/9/2025	Rp 2,834,000	
	<b>Gunggung</b>		<b>Rp 295,496,400</b>

Pasamuwan ingkang badhe ngaturaken pisungsung saged ugi lumantar rekening gereja:

No. Rek 0035 – 01 – 000892 – 53 – 3 atas nami GKJ Klaten, lan paring konfirmasi lumantar No. WA : 0817465146 utawi 085655866712

**Persembahan Via Bank**

No	Nama	Blok	Jumlah	Keterangan
1	Warga	1/4	300.000	16 September 2025
2	NN	-	250.000	25 September 2025

**INGKANG RAWUH ING PANGIBADAH Minggu, 21 September 2025**

Pangibadah Gereja Induk I : 206 sadherek  
II : 65 sadherek  
Pangibadah Pepanthan Bareng : 83 sadherek  
Pangibadah Pepanthan Tegalyoso : 42 sadherek  
Pangibadah Remaja : 17 sadherek  
Pangibadah Sekolah Minggu : 21 sadherek  
**Gunggung : 472 sadherek**

**Majelis GKJ Klaten mengucapkan selamat ulang tahun kepada jemaat yang berulang tahun pada minggu ini**

Nama	Tanggal lahir	Blok
Sensus Sumariyati SE	28-09-1961	3
Hendra Aditia	28-09-1990	2
Iryani Tri Nugraheni	28-09-1994	2
Sri Rahmani Rukmadi	29-09-1943	1
Sulistyowati C S.Pd	29-09-1966	2
Boby Pujo Prasetyo	29-09-1993	2
Arya Krisna Sanahu	29-09-2009	2
Ayu Prima Agaphelia	29-09-2019	2
Arvindo Chistian Sagiv	30-09-2014	3
Bambang Sri Purwoko	1/10/1951	5
Sri Utami	1/10/1958	3
Nanik Setyowati	1/10/1967	4
Sasongko Putro Nugroho	1/10/1975	3
Rina Narwaningrum	2/10/1968	4
Bambang Setya Sihananto drh	2/10/1980	4
Bellvania Putri Widiyanto	2/10/2013	1
Eriska Oktavia Putri	2/10/2013	3
Christian Totti Oktavianto	2/10/2007	4
Isabella Nanda Oktaviana	2/10/2008	3
Endang Siswati Hendrastuti BA	3/10/1951	3
Wasito Prasetyo Adi ST	3/10/1966	4
Triyono S.T	3/10/1967	5
Hesen Kristanto	3/10/1981	2
Riski Widyanto	3/10/1982	3
Andi Budi Santosa	4/10/1980	2
Okky Anton Wijaya	4/10/1987	3
Nugroho	4/10/1988	4
Octaviani	4/10/1991	5
Calvin Aldian	4/10/1997	3

**BULAN SEPTEMBER 2025**

<b>TGL</b>	<b>TEMPAT</b>	<b>PENKHOOTBAH</b>	<b>USHER</b>
28	Klaten 1	Heru Ratmanto	Blok 2
	Klaten 2	Pdt. Sugeng Prasetya, S.Th, M.Div.	Blok 3
	Pep. Bareng	Pdt. Sugeng Prasetya, S.Th, M.Div.	
	Pep. Tegalyoso	Triyono	

**BULAN SEPTEMBER 2025**

<b>TGL</b>	<b>TEMPAT</b>	<b>OV</b>	<b>ORGANIS</b>	<b>SONG LEADER</b>		<b>LEKTOR</b>	
28	Klaten 1	Fani	Tian	Ega	Ayu	Murti	Maria
	Klaten 2	Thera	Samuel	Vio	Putri	Nesia	Sumarmi
	Bareng	Nando	Valen	Arif	Nanik	Galang	Tegar
	Tegalyoso		Agus	Rina		Nur E	Tyas

**JADWAL PETUGAS IBADAH GKJ KLATEN  
OKTOBER 2025**

<b>TGL</b>	<b>TEMPAT</b>	<b>Pengkhotbah</b>	<b>USHER</b>
5	Klaten 1	Pdt. Sugeng Prasetya, S.Th, M.Div.	1
	Klaten 2	Pdt. Sugeng Prasetya, S.Th, M.Div.	2
	Bareng	Sri Estu	
	Tegalyoso	Untoro Listianto	
12	Klaten 1	Pdt. Sugeng Prasetya, S.Th, M.Div.	3
	Klaten 2	Pdt. Sugeng Prasetya, S.Th, M.Div.	1
	Bareng	Heri Kristanto	
	Tegalyoso	Tri Retno Listianti	
19	Klaten 1	Endah Yudianti	2
	Klaten 2	Asih Pujihastuti	3
	Bareng	Pdt. Sugeng Prasetya, S.Th, M.Div.	
	Tegalyoso	PDT	
24	KPR MHB		4 dan 5
26	Klaten 1	Paryadi	1
	Klaten 2	Pdt. Sugeng Prasetya, S.Th, M.Div.	2
	Bareng	Sri Esti	
	Tegalyoso	Pdt. Sugeng Prasetya, S.Th, M.Div.	

**JADWAL PETUGAS IBADAH GKJ KLATEN  
OKTOBER 2025**

TGL	TEMPAT	OV	ORGANIS	SONG LEADER		LEKTOR	
5	Klaten 1	Dhania	Violista	Anggi	Uli	Sri S	Tegar
	Klaten 2	Thera	Tian	Putri H	Arvi	Nesia	Fitria
	Bareng	Nando	Sevanya	Lisa	Nugroho	Murti D	Fajar H
	Tegalyoso		Jerrick	Sheril		Tyas	Silvi
12	Klaten 1	Aan	Erlo	Ayu	Rinda	-	-
	Klaten 2	Abel	Ega	Violista	Aca	-	-
	Bareng	Shevania	Mayrany	Gala	Arvi	Anisa	Galang
	Tegalyoso		Agustian	Putri H		Hari	Erlina
19	Klaten 1	Fani	Bayu I	Violista	Aca	Arvi	Teguh
	Klaten 2	Prima	Valen	Uli	Anggi	Cinthia	Eni I
	Bareng	Deddy	Jerrick	Arif	Nanik	-	-
	Tegalyoso		Eko P	Sheril		-	-
24	KPR MHB	Thera	Erlo dkk	Arvi	Violista	Adriell	
				Teguh	Aca		
26	Klaten 1	Aan	Ega	Heni	Rinda	Indwi	Sri I
	Klaten 2	Dhania	Sevanya	Aca	Nanik	Sumarmi	Murti D
	Bareng	Nando	Mayrany	Gala	Thea	Tri H	Handani
	Tegalyoso		Samuel	Putri H		Nur Enny	Lisa

